

Ranfòsman Imigrasyon nan Espas Travay la

Gid sa a pral eksplike kisa ranfòsman imigrasyon yo ye, kisa pou yo fè si yo vin nan espas travay ou, ak kijan pou prepare si yo ta gen yon atak.



Kisa ki ICE?

- ICE se akwonim pou Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn, yon ajans federal anba Depatman Sekirite Enteryè (DHS) ki fè respekte lalwa imigrasyon.
- Ajan ICE yo se ajan federal, epi yo pa menm jan ak polis lokal yo. Inifòm yo ka di "Lapolis," "Ajan Federal", "ICE," oswa "HSI." Yo kapab tou pa an inifòm. Yo ka pote zam. Pafwa ofisyè polis lokal yo ale ak ajan ICE nan atak ICE yo.

Kisa ICE fè nan espas travay yo?

- Ajan imigrasyon yo ka vin nan espas travay ou pou yon odit Fòm I-9; yon atak; oswa pou kenbe moun espesifik.

Kijan odit ak atak yo diferan?

- Avèk yon atak ICE, patwon an pa gen okenn avètisman. Avèk odit, souvan gen yon sitasyon davans. Yon odit ICE "pi amikal" pase yon atak men li ka mennen tou nan rezilta prejizisyab.

Konnen Dwa Ou pandan yon vizit ICE oswa yon atak

- Ou toujou gen dwa pou w rete an silans epi w pa reponn kesyon yo.
 - Nenpòt enfòmasyon ou bay ICE ka itilize kont ou pita.
 - Ou ka di, "Mwen vle rete an silans" oswa "Mwen pa vle reponn kesyon yo."
- Ou toujou gen dwa pou refize yo fouye oumenm ak afè w.
 - Ou pa oblije montre okenn idantite oswa papye bay ICE. Tout moun gen dwa sa a.
 - Ou ka di, "Mwen pa dakò pou yon fouy."
- ICE pa ka kenbe pèsonn oswa antre nan espas prive san yon manda jidisyè.
- Ou toujou gen dwa anrejistre ajan ICE ak sa y ap fè, depi ou pa entèfere.

TRAVAYÈ: Kijan pou w prepare pou yon vizit ICE

Anvan yon vizit


- Prepare pou si yon move bagay rive.
 - Pale ak yon avoka imigrasyon, oswa pran tan pou jwenn youn.
 - Gen yon plan sekirite pou fanmi ak gadri timoun.
 - Memorize nimewo telefòn enpòtan yo.
 - Kenbe dokiman enpòtan yo an sekirite.
 - Sere lajan pou ijans yo.
 - Si sa posib, ale nan yon atelye Konnen Dwa w epi pataje enfòmasyon sa a ak kòlèg yo.
 - Konnen dwa w yo depann de kote ou ye nan espas travay la:
 - Espas Piblik
 - Zòn piblik yo se espas kote yon moun ka antre san pèmasyon.
 - Egzanp: zòn salamanje nan yon restoran; zòn komèsyal nan yon makèt; pakin; sal datant oswa resepsyonis.
 - Ajan ICE yo ka antre nan zòn piblik nan espas travay la san pèmasyon.
 - Ajan ICE yo pa ka kanpe, kesyone, oswa arete nenpòt moun paske se yon zòn piblik.
 - Zòn Prive yo
 - Pèsoun pa ka antre nan yon zòn prive nan espas travay la san pèmasyon patwon an oswa yon manda jidisyè.
 - Ajan imigrasyon yo ka mande pou yo antre nan yon zòn prive sèlman si yo gen yon manda jidisyè.
 - Fè yon plan ak kòlèg travay ou yo ak patwon ou. Konnen kote zòn piblik ak prive yo ye nan espas travay ou.
- Konnen Dwa Ou!
 - Ou gen dwa rete an silans epi ou pa reponn okenn kesyon.
 - Ou pa oblije montre idantifikasyon.
 - Ou gen dwa pou refize pou yo fouye oumenm ak afè w.
 - Ou gen dwa pou yo pa kenbe w san yon rezon valab.
 - Ou gen dwa pou anrejistre ofisye kap fè respektè lalwa yo.

Pandan yon vizit

- Rete kalm. Pa kouri oswa kache pou ajan yo. Sa ka ba yo yon rezon pou yo arete w.
- Voye tout ajan ak kesyon yo bay sipèvizè oswa anplwayè w.
- Pa pale ak okenn ajan. Nenpòt bagay ou di yo ka itilize kont ou oswa kòlèg ou yo.
 - Ou pa oblije reponn kesyon sou sitiyasyon imigrasyon w, kote ou soti, oswa depi konbyen tan ou te isit la.
 - Ou pa oblije reponn kesyon sou lòt anplwaye yo.
- Si ajan ICE yo eseye antre nan yon zòn prive, ou ka di: “Sa a se yon zòn prive. Ou pa kapab antre san yon manda jidisyè ke yon jij siyen,” epi voye yo bay sipèvizè w oswa anplwayè w.
- Gade sa ajan yo fè epi si w santi w alèz, anrejistre videyo sou aksyon yo.

Aprè yon vizit

- Ekri tout detay ki soti nan entèraksyon an ki gen ladan
 - Enfòmasyon sou ajan yo tankou non ak nimewo idantifikasyon,
 - Kijan yo te prezante tèt yo:
 - Kijan yo te aji ak pale.
 - Kisa yo te mete, tankou inifòm ak zam.
 - Kijan yo te trete tout anplwaye yo.
- Rapòte atak la bay yon òganizasyon kominotè oswa sendika ou fè konfyans, si sa aplikab.



ANPLWAYÈ: Kijan pou w prepare pou yon vizit ICE

Atak ICE yo

- Ajan ICE yo ka ale nan yon espas travay san avètisman nan kad yon ankèt sou yon anplwayè.
- Ajan ICE yo ka vin nan biznis ou pou eseye jwenn yon moun an patikilye (oswa moun). Pandan yo la, yo ka eseye kesyone, kenbe, epi menm arete lòt moun.
- Ajan ICE yo ka eseye kanpe, kesyone, oswa menm arete yon travayè san otorite apwopriye a.

1-9 Odit

- Yon Fòm I-9 obligatwa pou tout nouvo anplwaye yo.
- Yon odit Fòm I-9 se lè ICE vin nan biznis ou pou tcheke si ou te swiv règ yo pou Fòm I-9.
- Fòm I-9 konfime idantite yon travayè ak otorizasyon pou travay Ozetazini.
- Si li pa mache byen:
 - Si ICE deside yon biznis pa t swiv règleman Fòm I-9 yo, yo ka gen konsekans:
 - Yon òdonans pou sispann anboche moun san pèmi travay valab.
 - Amann ak penalite sivil ak kriminel.
- ICE ka kenbe yon travayè espesifik akòz estati fòm I-9 yo.

Anvan yon vizit

- Fè yon plan repons alekri davans
 - Pale ak lòt biznis oswa asosyasyon biznis. Mande sa yo ap fè pou prepare.
 - Fè yon plan ki travay pou ou.
 - Pratiye - jis tankou yon egzèsis dife. W ap pi prepare si w konnen sa pou w di ak fè.
 - Konekte ak rezo repons imigrasyon nan zòn ou an. Yo bay sipò ak pwoblèm fanmi, legal, finansye ak medya si ajan imigrasyon vin nan biznis ou.

- Antrene anplwaye w yo pou yo pa pale ak ajan ICE yo
 - Antrene tout travayè yo pou yo pa pèmèt ajan ICE antre nan espas travay ou.
 - Yon travayè ka di, "Mwen pa ka ba w pèmasyon pou w antre. Ou dwe pale ak anplwayè mwen an."
 - Antrene tout travayè yo pou yo pa kominike avèk ajan ICE yo. Si ajan ICE yo gen kesyon oswa demann, travayè yo pa ta dwe di anyen, oswa di, "Ou pa gen dwa antre. Pale ak patwon mwen."
- Konnen Dwa Ou!
 - Anplwayè yo gen dwa lè ICE ale nan yon biznis. Ajan ICE yo pa toujou gen dwa antre nan biznis ou, kanpe oswa arete travayè ou yo, oswa pran dokiman yo.
 - Travay ak yon kominote oswa yon gwoup legal pou fè aranjman pou yon fòmasyon "Konnen Dwa Ou" pou oumenm ak anplwaye w yo epi peye anplwaye w yo pou tan yo pase nan fòmasyon.
 - Konprann diferans ki genyen ant manda jidisyè ak manda administratif
 - Yon jij dwe siyen yon manda jidisyè epi li di "U.S. Tribinal Distrik" oswa yon Tribinal Eta anlè.
 - Yon manda jidisyè se yon jij leta oswa federal siyen.
 - Yon manda jidisyè ka bay lapolis pèmasyon pou antre nan espas prive tankou lakay ou, oswa fouye machin ou.
 - San yon manda jidisyè, ajan ICE bezwen pèmasyon w pou antre nan zòn prive nan biznis ou.
 - Egzanp: Manda pou arete, Manda pou fouye
 - Se yon ofisye DHS ki siyen yon manda administratif, epi li pa yon jij.
 - Li pa bay ICE oswa CBP okenn otorite pou mande antre nan zòn prive yon espas travay oswa kay.
 - Egzanp: Manda pou arete yon etranje, manda pou retire/depòtasyon

ANPLWAYÈ: Kijan pou w prepare pou yon vizit ICE

Pandan yon vizit

- Rete kalm! Mande travayè ou yo pou yo rete kalm tou. Pa kouri ale nan sòti yo. Sa ap fè bagay yo vin pi mal paske ajan ICE yo ka di ke moun ki ap kouri gen anpil chans vyole lwa imigrasyon yo.
- Si ajan ICE yo eseye antre nan yon zòn prive, ou ta dwe di: "Sa a se yon zòn prive. Ou pa kapab antre san yon manda jidisyè siyen pa yon jij. Èske ou gen yon manda jidisyè?"
 - KONSÈY: Pou montre ke kèk zòn yo prive, make yo ak yon siy "Prive", kenbe pòt yo fèmen oswa klete, epi gen yon règleman pou vizitè yo ak piblik la pa kapab antre nan zòn sa yo san pèmasyon.
- Lè ICE montre w yon manda administratif ak non yon anplwaye sou li:
 - Ou pa bezwen di si anplwaye sa a ap travay nan jou sa a ou non.
 - Ou pa oblije mennen ajan ICE yo bay anplwaye yo nonmen sou manda a (menmsi li nan travay nan moman an).
- Pa ede ajan ICE yo klase moun selon sityasyon imigrasyon yo oswa selon peyi yo soti.
- Kontwòl ajan yo epi gade si yo respekte sa ki ekri nan manda a.
- Si oumenm oswa yon anplwaye vle, ou ta dwe anrejistre videyo sa ajan ICE yo fè nan espas travay ou. Ou kapab pwouve ajan yo vyole dwa w oswa dwa travayè w yo.



Après yon vizit

- Ekri oswa anrejistre bagay sa yo apre ICE ale:
 - Konbyen ajan ICE ki te prezan (andedan ak deyò)?
 - Kijan ajan yo te abiye? Kijan yo te ame?
 - Èske ajan yo te fè oumenm oswa travayè ou yo kwè ou pa t kapab deplase oswa kite?
- Èske ajan yo maltrete yon moun? Si wi, ki jan?
- Notifye sendika anplwaye yo, si sa aplikab.
- Si ICE arete nenpòt nan travayè w yo, mande ajan ICE yo ki kote y ap mennen yo. Enfòmasyon sa a pral ede fanmi travayè a ak avoka jwenn moun nan.
- Rapòte atak la.
- Si yo arete yon moun, tcheke ICE Online Detainee Locator System locator.ice.gov.

Resous

- Jwenn lis konplè resous Konnen dwa w yo ki pale plizyè lang nan lyen sa a: nyic.org/kyr
- Pou plis enfòmasyon sou dwa imigran yo ak fason pou pwoteje kominote w yo, vizite Pwojè defans imigran yo nan lyen sa a: immigrantdefenseproject.org
- Pou plis enfòmasyon sou resous legal pou kominote imigran yo, vizite National Immigration Law Center nan lyen sa a: nilc.org/resources/
- Si w bezwen èd ak dosye w la oswa si w gen kesyon jeneral sou imigrasyon, rele liy dirèk Biwo pou Nouvo Ameriken yo nan 1-800-566-7636 oswa vizite sit entènèt yo nan lyen sa a: dos.ny.gov/office-new-americans.

